

Kesyon ak Repons sou Pouswit Jidisyè Kont Entèdiksyon Viza POU 75-Peyi

CLINIC fas a Rubio

Kisa Ki Genyen Nan Ka Sa?

Ka a konsène chanjman ilegal nan sistèm viza Etazini an. Nan dat 21 janvyè 2026, Depatman Deta a te sispann bay viza imigran pou yon peryòd endefini bay aplikan ki soti nan yon lis 75 peyi. Nan mwa novanm 2025, yo te chanje yon lòt règleman Depatman Deta ki afekte apwobasyon viza yo tou. Depatman Deta a pa gen dwa fè kalite chanjman sa yo anba lwa federal sou imigrasyon ak Konstitisyon an. Epitou, yo pa t swiv pwosedi ki apwopriye pou chanje règleman yo. Gen òganizasyon ak moun k ap pote plent pou aplike lalwa a epi pou asire ke Depatman Deta a respekte lalwa federal sou imigrasyon jan Kongrè a te vote l la, epi li retounen nan pwosesis viza yo endividyèlman pou tout aplikan jan lalwa a di yo ta dwe fè sa.

Poukisa Depatman Deta a te sispann bay viza sa yo?

Depatman Deta a di yo te enkyete pou imigran yo pa vin tounen yon "chay piblik". Men tout viza pou moun ki soti nan 75 peyi sa yo ap jwenn refi. Menm pou moun ki deja jwenn ajan imigrasyon yo gen anpil chans pou yo pa tounen yon "chay piblik".

Kisa “chay Piblik” Vle Di?

- ▶ Ekspresyon “chay piblik” la vle di ke yon moun *pwobab* pou vin depandan antyèman oubyen prensipalman de gouvènman an pou bezwen debaz yo. Gouvènman kapab refize yon viza pou antre Etazini oubyen refize yon kat rezidan pèmanan a yon moun ki pwobab pou vin yon "chay piblik" alavni.
- ▶ Gouvènman an egzamine sitiyasyon yon moun an antye (laj, revni, edikasyon/konpetans, fanmi, ak sante) ansanm ak kontra yon moun ki parennen l (afidavit sipò) pou decide si moun nan gen chans pou l vin yon chay piblik nan lavni. Li kapab konsidere tou si yon moun te resevwa asistans lajan kach, oubyen si gouvènman an te peye pou yon moun rete nan yon etablisman swen alontèm tankou yon mezon retrèt.
- ▶ Swen sante, sèvis kominote yo, oubyen lot pwogram ki pa bay lajan kach yo tankou SNAP/EBT, Medicaid, WIC, oubyen Seksyon 8 Asistans pou Lojman an pa ta dwe konsidere nan desizyon chay piblik la anba règleman aktyèl yo.
- ▶ Gouvènman federal la te di dènyèman ke yo pral chanje definisyon chay piblik la pou enkli plis kalite pwogram avantaj toujou pase sa Kongrè a ak tribinal yo te

gen entansyon fè. Men, chanjman sa yo swa pa final oswa yo pa pase nan pwosesis apwopriye yo.

- ▶ Yon evalyasyon chay piblik dwe endividyalize epi lye ak reyaltite espesifik ka yon aplikan kèlkeswa faktè yo konsidere yo. Li pa kapab itilize pou pèmèt yon entèdiksyon konplè sou delivrans viza yo pou divès peyi an antye. Se sa Depatman Deta a te fè isit la, e se sa pwosedi a ap eseye korije.

Ki 75 Peyi Ki Site nan Entèdiksyon An?

Nan lòd alfabetik, yo se: Afganistan, Albani, Aljeri, Antigua ak Babouda, Ameni, Azèbayijan, Baamas, Bangladèch, Babad, Belaris, Beliz, Boutan, Bosni ak Èzegovin, Brezil, Bouma, Kanbòdj, Kameroun, Kapvè, Kolonbi, Kot Divwa, Kiba, Repiblik Demokratik Kongo, Dominik, Ejip, Eritre, Etyopi, Fiji, Ganbi, Jewòji, Gana, Grenada, Gwatemala, Gine, Ayiti, Iran, Irak, Jamayik, Jòdani, Kazakstan, Kosovo, Kowet, Repiblik Kigiz, Laos, Liban, Liberya, Libi, Moldavi, Mongoli, Montenegwo, Mawòk, Nepal, Nikaragwa, Nijerya, Masedwàn Dinò, Pakistan, Repiblik Kongo, Larisi, Rwanda, Sent Kits ak Nevis, Sent Lisi, Sen Vensan ak Grenadin yo, Senegal, Syera Leyòn, Somali, Soudan Sid, Soudan, Siri, Tanzani, Tayland, Togo, Tinizi, Ouganda, Irigwe, Ouzbekistan, ak Yemèn.

Poukisa se 75 Peyi sa yo?

San l pa site okenn reyaltite, administrasyon Trump la deklare ke moun ki soti nan peyi sa yo gen plis chans pase lòt moun pou “tire richès” oswa “pran byennèt sosyal ak avantaj piblik” nan men Etazini. Li difisil pou inyore modèl la: chak nan 75 peyi ki nan lis la sitiye nan Afrik, Azi, Amerik Latin nan, Mwayen Oryan an ak Ewòp de Lès, peyi ki gen popilasyon ki majorite a se pa blan oswa ki gen ladan yo minorite etnik enpòtan.

Èske Imigran Yo Menm Elijib Pou Resevwa Avantaj Piblik yo?

Anpil imigran pa kalifye pou divès fòm asistans gouvènman an jiskaske plizyè ane apre yo rive, oswa jiskaske yo vin sitwayen ameriken. Imigran yo kapab an mezi pou resevwa sèvis nan kèk eta, epi Kongrè a te deside ke tout rezidan yo ta dwe kapab resevwa sèten sèvis ijans ak aksè a divès pwogram piblik enpòtan. Plizyè imigran pa enskri nan avantaj gouvènman yo menm lè yo elijib. Imigran yo peye taks leta, lokal ak federal ki ede finanse sèvis tout rezidan ameriken yo itilize, ki gen ladan yo sitwayen ameriken yo. Travay yo ak depans yo ede ekonomi ameriken an grandi.

Poukisa Aksyon Depatman Deta Ilegal?

Lalwa imigrasyon an egzije pou yo bay viza imigran oubyen "kat vèt" yo ka pa ka, ak pou yo evalye chak aplikan sou pwòp merit li. Lwa sa yo an plas pou asire ke tout moun ki

aplike pou menm kalite viza a jwenn yon tretman jis e menm jan. Lwa sa yo anpeche diskriminasyon kont moun k ap aplike pou viza.

Kongrè a pa t bay Depatman Deta a pouvwa pou chanje lalwa a poukont li. Depatman Deta a ap vyole lalwa paske li te di tout konsila yo pou yo refize viza imigran bay tout moun ki soti nan nenpòt nan 75 peyi ki sou lis la, men pou yo kite imigran ki soti nan lòt peyi ki gen menm sitiyasyon an oswa sitiyasyon ki sanble yo pou toujou jwenn viza sou yon baz ka pa ka, jan Kongrè a egzije a. Tretman inegal sa a ilegal e li kont konstitisyon an paske li se diskriminasyon ki baze sou ras oswa orijin nasyonal. Entèdiksyon viza a ilegal tou paske yo te mete l an plas san yo pa pase nan pwosesis apwopriye a pou kreye nouvo lwa ak règleman.

Ki Moun Demandè Yo Ye?

Se de òganizasyon k ap sèvi imigran ki te depoze dosye a ansanm ak 11 moun ki swa ap eseye imigre Ozetazini ak viza familyal oswa viza travay, oswa ki gen manm fanmi y ap eseye mennen Etazini ak viza imigran. Ka a se pa yon rekou kolektif. Men, yon viktwa nan ka sa a ta leve oswa retire entèdiksyon an. Sa ta vle di tout moun ki aplike pou viza ki soti nan 75 peyi yo p ap jwenn refi ankò sèlman sou baz nasyonalite yo.

Kisa Ka a ap Eseye Reyalize?

Nou ap mande tribinal la pou:

- (1) Di ke règleman ki entèdi moun antre nan 75 peyi sa yo ilegal;
- (2) Ranvèse règleman yo pou yo pa ka itilize yo pou refize viza;
- (3) Anpeche gouvènman an aplike règleman yo nenpòt kote; epi
- (4) Bay Depatman Deta a lòd pou l retounen nan evalyasyon endividyèl, ka pa ka, sou demann viza yo epi pou l bay moun ki kalifye yo viza.

Kijan ka sa a pral ede moun ki te resevwa refi pou viza yo depi règleman yo te antre an vigè?

Si tribinal la deside ke règleman yo ilegal, règ nòmal pou pwosesis viza yo ap retounen an vigè pou moun ki nan 75 peyi yo nonmen yo. Sa ta dwe vle di ke moun ki te resevwa refi pou viza yo akòz politik ilegal la depi li te antre an vigè a ap kapab kontinye pwosesis pou chèche yon viza imigran.

E moun ki te refize viza yo anba entèdiksyon anvan yo?

Ka sa a konsantre sèlman sou entèdiksyon viza pou 75 peyi ki te antre an vigè 21 janvyè 2026 la, epi kab konsilè yo ki te di ofisyèl imigrasyon yo kijan pou yo mete entèdiksyon sa a an pratik. Aplikasyon viza ki te refize oswa sispann anba lòt chanjman Depatman

Deta a pa enplike nan ka sa a. Ka a pa adrese entèdiksyon 39 peyi ki te antre an vigè 1ye janvyè 2026 la, poz viza divèsite a ki te antre an vigè 23 desanm 2025 lan, ni entèdiksyon oubyen sispansyon lòt tip viza.

Èske Plis Moun Kapab Entegre Pouswit la?

Nou ap ajoute plis pleyan nan ka a nan moman sa a. Objektif pwosè nou an se pou mete fen nan entèdiksyon viza 75 peyi yo pou tout moun ki soti nan peyi ki nan lis la, kidonk menm si ou menm oswa moun ou renmen yo afekte dirèkteman epi ou pa rantre nan ka a kòm yon demandè, ou ka toujou benefisye si nou genyen.

Kisa Moun Ki Afekte Yo Kapab Fè Kounye a?

- ▶ Suiv epi anrejistre tout enfòmasyon sou dosye viza w la, tankou nimewo dosye Sant Nasyonal Viza a ak estati li, avi randevou yo, refi/avi 221(g), kominikasyon alekri yo, kopi ekran dènye enfòmasyon CEAC yo, ak lòt enfòmasyon.
- ▶ Tcheke ak konsila ou a pou wè si entèdiksyon an ta ka gen enpak sou sitiyaasyon ou epi kijan li ta ka afekte sitiyaasyon ou.

Si ou menm oswa moun ou renmen yo afekte pa entèdiksyon viza a, epi ou toujou gen kesyon sou si ka sa a afekte aplikasyon viza ou a, tanpri voye yon imèl bay BlanketVisaBanLitigation@nilc.org.